



Osijè de HCSF

Kòm patnè prefere pou planifikasyon stratejik ki baze nan kominate Miami-Dade yo ak Monroe County, Health Council of South Florida pran angajman pou yo ranfòse epi ede moun avèk nouvo lwa asirans abòdab la.

Misyon

Misyon nou se pou nou se sous done sou sante ak kalite lavi moun ap Mennen epi analiz done sa yo, pou nou se patnè prefere pou planifikasyon program de kalite, jesyon, evaliyasyon, ak sèvis kominate; pou nou fasilite kolaborasyon nan Miami-Dade ak Monroe County yo; epi pou yo konsidere nou kòm champion pou règleman sante o nivo lokal, e nasyonal.

Vizyon

Pou nou se òganizasyon de chwa ki ankouraje entegrasyon, kolaborasyon ak angajman pou amelyore sante ak sou byenèt moun nan kominate nou sèvi a.

Pou plis enfòmasyon sou HCSF lan, souple rele nou nan 305-592-1452 oswa vizite nou sit entènèt sa
www.miamidadematters.org/ACA

Pou plis enfòmasyon sou nou pwogram asirans abòdab nan oswa Mache asirans nan, pran yon randevou ak youn nan konseye sètifye nou yo, oswa kontakte nou nan nimewo sa a (305) 592-1452.

Supported by:



**Allegany
Franciscan
Ministries**

Health Council of South Florida, Inc.
8095 NW 12 Street, Suite 300
Miami, FL 33126
P: 305-592-1452 | F: 305-592-0589
www.healthcouncil.org

MACHE ASIRANS SANTE AVÈK OU



Refijye yo

Sitwayen Natirализе

Imigran



Kiyès Ki Kalifye?

Fanmi imigran gen enfòmasyon enpòtan sou kalifikasyon yo pou yo konsidere lè y'ap chwazi plan sou sit Mache an, fòk ou se yon Sitwayen Etazini oswa on rezidan ki isit legalman. Lè yo di "isit legalman", yo vle di moun ki:

- "Pa Sitwayen men ki kalifye" kòm stati imigrasyon, men ki pa gen on peryòd yap tann
- Stati Imanité oswa kèk lòt sikonstans (kòm TPS, stati spesyal tribinal pou timoun, moun ki aplike pou azil, moun ki isit poutèt Konvansyon kont pase mizè, viktim de trafik)
- Moun ki gen on Viza non-imigran ki valid
- Stati legal lòt lwa tankou (Temporary Resident Status, LIFE Act, Family Unity individuals)

Pou on lis komplè, vizite sit sa a pou ou ka wè kisa ki ka fè ou kalifye:

<https://www.healthcare.gov/help/immigration-status-questions/>

Benefis Asirans Sante

Pa gen moun ki planifie pou yo malad oswa pou yo blese, men pi fò moun ap bezwen doktè ak medsen on jou nan lavi yo kan mèm. Asirans ede moun peye pou frè sa yo, epi li ka pwoteje ou de depans ki twò wo lè ou al lopital oswa vizite doktè.

Plan asirans sante ke ou ka jwen sou sit la (ak plan ou ka jwen lòt kote) ofri ou sèvis prevansyon, tankou vaksinasyon ak konsiltasyon. Yo menm ap peye on pati medikaman ke doktè preskri ou.

Dokiman W'ap Bezwen

Lè wap aplike pou asirans sante sou sit la, wap bezwen vin avèk kèk enfòmasyon konsènan ou menm ak moun ki abite nan menm kay avèk ou; tankou revni mansyèl, enfòmasyon asirans si ou gen asirans deja, epi kantite moun ki ret nan kay nan.

Lè ou ap aplike pou asirans, fòk ou gen enfòmasyon sila yo:

- Nimewo Sosyal Sekirite (SSN)
- Dokiman imigrasyon ou
- Souch chèk, fòm W-2, epi lòt enfòmasyon revni tout moun ki travay nan kay la
- Si ou gen asirans sante deja, w'ap bezwen nimewo "policy" a ak nimewo manm nan ki sou kat asirans nan
- Enfòmasyon sou asirans sante ke travay ou ofri'w si yo ofri ou menm ak fanmi'w asirans

*Depandan de sitiayson chak moun, diferan dokimantasyon ka nesesè. Pou plis enfòmasyon, vizite:

<https://www.healthcare.gov/immigration-status-and-the-marketplace/>

Dat Limit Enpòtan

Mache Asirans nan ap gen on peryòd anrolman pou 2014-2015 kap ouvri le **15 Novanm 2014** epi lap fèmen le **15 Fevriye, 2015**.

Kontak

Pou plis enfòmasyon, vizite sit sa a www.healthcare.gov oswa rele 1-800-318-2596.

Rezidan Miami-Dade County yo ka vizite sit Miami Matters la: www.miamidadematters.org/ACA.



Miami Matters

